EURASIAN JOURNAL OF ACADEMIC RESEARCH
Innovative Academy Research Support Center
UIF = 8.1 | SJIF = 5.685 www.in-academy.uz




# MÁLIMLEME – KITAPXANA MÁKEMELERINDE INNOVACIYALIQ ISKERLIKTI SHÓLKEMLESTIRIW

**Sharipova Dilbarxan Atajanovna**
Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı Kitapxana iskerligi kafedrası aǵa oqıtıwshısı
https://www.doi.org/10.5281/zenodo.10316777

**ARTICLE INFO**

Received: 03rd December 2023
Accepted: 08nd December 2023
Online: 09th December 2023

**KEY WORDS**

*Kitapxana, reforma, málimleme, innovaciya, nızam, texnologiya, konsepciya, xızmet, resurs, katalog.*

**ABSTRACT**

*Málimleme-kommunikaciya texnologiyaları tiykarında xalıqqa málimleme-kitapxana xızmetin kórsetiwdi shólkemlestiriw málimleme-kitapxana iskerligin jáne de rawajlandırıw, kitapxan-paydalanıwshı hám ilimiy izleniwshiler ushın jańa, zamanagóy texnikalardı qollaǵan halda xızmet kórsetiw búgingi kún talabı bolıp tabıladı. Maqalada kitapxana-málimleme mákemelerinde innovaciyalıq jumıs usılların rawajlandırıw máseleleri haqqında sóz júritiledi.*

Respublikada sociallıq-ekonomikalıq tarawdı reformalawdın hazirgi sharayatında málimleme-kitapxana jumısın rawajlandırıwdıń máqset hám wazıypaları elimizde amelge asırılıp atırgan ozgerislerge hám xalıqaralıq ameliyatqa say bolıwı zarur. Usı múnásibet penen puqaralardıń málimlemeden erkin paydalanıwı boyınsha konstitutciyalıq huquqların, sonıń ishinde, milliy qádiriyatlar hám jahan mádeniyatı, ámeliy hám fundamental bilimlerden xabardar bolıwın tamiyinleytuǵın xalıqqa málimleme-kitapxana xızmetlerin kórsetiwdiń sapası jagınan jana sistemasın jaratıw, kitapxanalarda saqlanıp atırgan milliy mádeniy miyrastı qásterlep saqlaw hám bayıtıw, málimleme-kommunikaciya texnologiyaların keńnen engiziwdiń esabınan málimleme-kitapxana mákemeleriniń jumısın jetilistiriw ahmiyetli wazıypaga aylanbaqta.

Ózbekstannıń jáhán informaciyalar keńisligine aktiv kirip barıwı Respublika turmısınıń barlıq tarawlarında ózgerisler júz beriwine alıp keldi, atap aytqanda málimleme texnologiyalarınıń nátiyjeli qollanıwǵa úlken itibar berimekte. Kitapxanalardıń tálim sistemasındaǵı ornı hám poziciyası hám de atqaratuǵın wazıypaları, elektron kitapxanalar, kitapxanalardı avtomatlastırıw haqqındaǵı bir qatar maqalalar Respublikanıń dáwirlik baspasózinde hám ilimiy jurnallarda basıp shıǵarıldı. Bul jaǵday Respublika jámáátshiliginiń kitapxanashılıq jumısına bıyparıq emesligin kórsetpekte.

Ózbekstannıń jáhan jámiyeshiliginiń teń huqıqlı aǵzasına aylanıwı mámleket puqaralarına málimlemelerden hár tárepleme erkin paydalanıw imkaniyatların keńeytedi. Málimleme ásiri dep atalǵan hám málimleme-kommunikaciya texnologiyaları tezlik penen rawajlanıp atırǵan búgingi kúnde mámleketimizde málimleme siyasatı mámlekettiń mádeniy siyasatı sıpatında kózge taslanbaqta. Sonlıqtan xalıqtı málimleme-kitapxana resurslarınan paydalanıwdı támiyinlew, mámleketimizdiń dúńya málimleme aǵımı menen tolıq birge

islesiwin jolǵa qoyıwdıń jańa tiykarların jaratıw, málimleme hám telekommunikaciya texnologiyaların keń túrde engiziw respublika dárejesinde sheshile baslandı. Bul processke tek ilimiy-texnika málimleme institutları ǵana emes, bálkim respublikanıń global málimleme sistemasınıń áhmiyetli bólegi bolıp esaplanǵan kitapxanalar da tartıldı.

Málimleme-kommunikaciya texnologiyaları tiykarında xalıqqa málimleme-kitapxana xızmetin kórsetiwdi shólkemlestiriw málimleme-kitapxana iskerligin jáne de kúsheytiw, kitapxan-paydalanıwshı hám ilimiy izleniwshiler ushın jańa, zamanagóy texnikalardı qollaǵan halda xızmet kórsetiw búgingi kún talabı bolıp tabıladı.

Málimleme-kommunikaciya jedel rawajlanıp atırǵan dáwirde mámleketimiz basshısı tárepinen málimleme-kommunikaciya texnologiyasın turmısımızdıń barlıq salalarına keńirek engiziw hám olardan paydalanıw nátiyjeliligin joqarılıtıw boyınsha anıq hám máqsetli wazıypalar belgilengen.Usı tarawda málimleme-kitapxana mekemeleri jumısında da bir qatar unamlı nátiyjeler kórsetilmekte.Kitapxanadaǵı barlıq tiykarǵı processler (málimlemelerdı jıynaw, qayta islew, saqlaw, izlew, jetkerip beriw) avtomatlastırılǵannan keyin elektron kitapxana jaratıw ushın orın tayarlanǵan boladı hám barlıq tiykarǵı kitapxana texnologiyaların avtomatlastırılǵan kitapxana Internet tarmaǵı arqalı elektron kitapxana xızmetin jolǵa qoya aladı. Eń tiykarǵısı, kitapxanalardı avtomatlastırıw, kitap oqıwshıların mámleketimizdegi hám jáhán málimlemeler maydanına shıǵıwın támiyinleydi. Kitapxanalardı avtomatlastırıw jámiyetti málimlemelestırıwdiń zárúrli bir basqıshı.

Ózbekstanda xalıqtıń, ásirese jaslardıń málimleme-kitapxana resurslarınan tolıq paydalanıwdı támiyinlew, mámleketimizdiń dúńya málimleme aǵımı menen tolıq birge islesiwin támiyinlew, málimleme hám telekommunikaciya texnologiyaların keń túrde engiziw máqsetinde bir qatar normatıv hújjetler qabıl etilgen. 2019 – 2024-jıllarda Ózbekstan Respublikası málimleme-kitapxana salasın rawajlandırıw Konsepciyası respublika málimleme-kitapxana salasın rawajlandırıwdıń máqsetleri, wazıypaları, principlerı, ústin turatuǵın baǵdarları hám mexanizmlerin belgileytuǵın tarawlardıń birden-bir hám bir pútkil sistemasın ózinde sáwlelendiredi. Málimleme-kitapxana salasın rawajlandırıwdıń máqset hám wazıypaları social-ekonomikalıq tarawlardı reformalaw sharayatlarında mámlekette bolıp atırǵan ózgerisler hám xalıqaralıq ámeliyatqa muwapıq bolıwı kerek.

Xalıqqa málimleme kitapxanashalıq xızmetin kórsetiwdı jaqsılaw, málimleme-kitapxana orayları sıpatında kitapxanalardı qayta shólkemlestiriw, bul ushın is ilájlar belgilew, ósip kiyatırǵan jas áwladtıń intellektual qábiletin ósiriwge itibardı qaratıw, xalıqtıń pútkil dúńya júzi málimlemelerine bolǵan zárúrligin qanaatlandırıw ushın sharayatlar jaratıw, zamanagóy málimleme texnologiyalarınıń da imkaniyatlarınan paydalanıw wazıypası qoyıldı. Kitapxanalar zamanagóy aktiv isleytuǵın avtomatlastırılǵan málimleme oraylarına, elektron kitapxanalarǵa, málimleme hám hújjetlerdi elektron pochta, global telekommunikaciya hám Internet arqalı jetkerip beriwshi hám qabıl etiwshi oraylarǵa aylandırılmaqta. Aldın kitapxana dep atalatuǵın zıya orayı ilim hám máǵriypetti ardaqlawshı xalqımız tek ǵana kitap, gazeta-jurnallardan paydalanǵan bolsa, házirgi waqıtta zaman menen birgelikte kitapxanalarǵa zamanagóy texnologiyalardıń alıp kiriliwi nátiyjesinde kitapxanalardıń kitap oqıwshılarına xızmet kórsetiw túrleri de keskin túrde arttı. Kitapxanaǵa kelgen kitap oqıwshıǵa tek ǵana baspa hám elektron resurslardan paydalanıw ǵana emes, bálkim uzaq aralıqtan basqa

kitapxana dereklerinen, ulıwma alǵanda, dúńya málimleme resurslarınan da tez hám sapalı paydalanıw imkaniyatları jaratıldı.

Ózbekstan Respublikası Prezidentınıń 2019-jıl 7-iyundaǵı «Ózbekstan Respublikası xalqına málimleme - kitapxana xızmetin kórsetiwdi bunnanda bılay jetilistiriw haqqında»ǵı Qararı Ózbekstan málimleme – kitapxana sistemasınıń rawajlaniw strategiyasın belgilep berdi. "Respublikada sociallıq-ekonomikalıq tarawdı reformalawdın hazirgi sharayatında málimleme-kitapxana jumısın rawajlandıriwdıń máqset hám wazıypaları elimizde amelge asırılıp atırgan ozgerislerge hám xalıqaralıq ameliyatqa say bolıwı zarur" [1]. Usı múnásibet penen puqaralardıń málimlemeden erkin paydalanıwı boyınsha Konstituciyalıq huqıqların, sonıń ishinde, milliy qádiriyatlar hám jáhán mádeniyatı, ámeliy hám fundamental bilimlerden xabardar bolıwın támiyinleytuǵın xalıqqa málimleme-kitapxana xızmetlerin kórsetiwdıń sapası jaǵınan jańa sistemasın jaratıw, kitapxanalarda saqlanıp atırǵan milliy mádeniy miyrastı qásterlep saqlaw hám bayıtıw, málimleme-kommunikaciya texnologiyaların keńnen eńgiziwdıń esabınan málimleme-kitapxana mákemeleriniń jumısın jetilistiriw áhmietli wazıypaǵa aylanbaqta. Bul málimleme-kitapxana jumısına, kitapqumarlarǵa xızmet kórsetiw, fondlardı toıqtırıw hám saqlaw, kitapxana processlerin avtomatlastırıw, ilimiy-izertlew hám shólkemlestiriw-metodikalıq jumıs, kadrlardı tayarlaw hám xoshámetlew, xalıqaralıq birge islesiwdı keńeytiwge kúshli tásir etiw imkaniyatın beredi. Qabıl etilgen huqıqıy hújjetlerde xalıqqa kitapxanashılıq xızmetin kórsetiwdi jaqsılaw, milliy kitapxana janıńda málimleme-kitapxana oraylarıń qayta shólkemlestiriw, bul ushın is ilajlar belgilew, olarda ósip kiyatırǵan jas áwladtıń intellektual qábiletin ósiriwge itibardı qaratıw, xalıqtıń pútkil dúnya júzi málimlemelerine bolǵan zárúrligin qanaatlandırıw ushın sharayatlar jaratıw, zamanagóy málimleme texnologiyalarınıń da imkaniyatlarınan paydalanıw wazıypası qoyıldı.

Kitapxana-málimleme iskerligi-kitap baylıqları hám basqa málimleme dereklerinen jámiyet aǵzalarınıń paydalanıwın shólkemlestiriw maqsetinde mámleket, túrli jámáát shólkemleri jeke shaxslar tárepinen shólkemlestirilip atırǵan kitapxanalar sisteması bolıp, olar jámiyette málimleme, mádeniy-bilimlendiriw hám tálim beriw wazıypaların orınlawshı taraw bolıp esaplanadı.

Búgingi kúnde avtomatlastırılǵan kitapxana sistemalarınıń rawajlanıwı málimleme texnologiyalarınıń ulıwma rawajlanıwın ózinde sáwlelendirmekte. Avtomatlastırılǵan kitapxanalar jaratıwdıń tiykarǵı basqıshları bul kitapxana elektron kataloǵın hám tolıq tekstli elektron resurslardı jaratıw bolıp esaplanadı.

Kitapxana elektron kataloǵı ushın (házirgi waqıtta elektron kataloglar bazası ózine 100 mıńnan artıq jazıwdı jámlegen) integrallasqan kitapxana málimleme sisteması IRBIS jaratılǵan bolıp, bul sistema málimlemelerdi maǵlıwmatlar bazasında saqlawdıń xalıqaralıq UNIMARC kommunikatıv formatı tiykarında isleydi. Bul óz náwbetinde, xalıqaralıq málimleme almasıw, yaǵnıy kitapxananıń integraciyasına keń imkaniyat jaratadı.

Kitapxanalar texnologiyaların avtomatlastırıwdan gózlengen tiykarǵı máqset :
-kórsetilip atırǵan xızmet túrlerin keńeytiw hám kitap oqıwshılar talapların jáne de tolıǵıraq qanaatlandırıw tiykarında paydalanıwshılarǵa xızmet kórsetiw sapasın joqarılatıw;

[1] 2019 - 2024 jıllarda Ózbekstan Respublikası málimleme-kitapxana salasın rawajlandırıw Konsepciyası . 2019-jıl, 7-iyun

-kitapxanadan paydalanıwshılar hám kitapxana xızmetkerleriniń miynet etiwi ushın qolaylı sharayatlar jaratıw;

-fondlardı saqlaw hám olardan paydalanıw nátiyjeliligin arttırıw.

-kitapxana xızmetkerlerin katalog, kartotekalar, túrli buyırtpalardı, xatlardı, esabatlardı tayarlaw, bibliografiyalıq dizimler dúziw hám basqa bir qatar múshkil wazıypalardı orınlawdan azat qılıw hám basqalar.

Kitapxanadağı tiykarğı texnologiyalıq processlerdi avtomatlastırıw tómendegi imkaniyatlardı jaratadı: málimleme izlew tezligin arttırıw, mağlıwmatlardı bir mártebe kirgiziw hám olardan hújjetlerdi izlewde kóp máqsetli paydalanıw, tańlanğan málimlemeni basıp shığarıw, mağlıwmatlar massivlerin basqa paydalanıwshılarğa jetkerip beriw, basılımlardı tayarlaw hám basqalar.

Kitapxananıń málimleme qáwipsizligin durıs jolğa qoyıw, elektron resurslardıń rezerv nusqaların jaratıw olardıń kompyuter viruslarınan qorğawın hám fizikalıq saqlanıwın támiyinleydi. Málimleme kitapxana oraylarınıń málimleme texnologiyaları bólimi isti birinshi náwbette, paydalanıwshılar tárepinen kóp soralatuğın jalğız nusqadağı, tozğan, qayta basıp shığarılmaytuğın ádebiyatlardı sanlastırıwdan baslaydı. Bul joqarı oqıw orınları, orta arnawlı hám ulıwma bilim beretuğın mekteplerde oqıytuğın student hám oqıwshılar ushın bir qatar qolaylıqlardı payda etedi. Bir neshe paydalanıwshı bir waqıttıń ózinde kitapxananıń elektron oqıw zalında jalğız nusqadağı kitaptı málimleme texnologiyaları arqalı sanlı formatta oqıw imkaniyatına iye boladı. Sonıń menen birge, jalğız nusqadağı ádebiyatlardıń ómirin uzaytıwğa hám kitapxananıń elektron resursların qáliplestiriwge sharayat jaratıladı.

Házirgi waqıtta kitapxananı tolıq avtomatlastırıw bağdarına úlken itibar qaratılıp, avtomatlastırıwdıń barlıq basqıshların qamtıp alıw názerde tutıladı. Máselen kitap oqıwshılar haqqındağı mağlıwmatlar tuwrı mağlıwmat bazasına kirgizilip, olarğa login parol beriw. Bul aldağı waqıtta kitap oqıwshılarınıń tikkeley Internet arqalı kitapxana fondlarınan paydalanıw imkaniyatın jaratadı.Sonıń menen birgelikte kitapxana elektron katalogına jańa kelip túsip atırğan basılımlar hám retro fondlardı kirgiziw jedel alıp barılmaqta.

Mámleketimizde barlıq málimleme orayları hám kitapxana mekmelerinde elektron kitapxananı basqıshpa-basqısh qáliplestiriw, integraciyalasqan málimleme-kitapxana tarmağın shólkemlestiriw dástúrlerin islep shığıw wazıypası qoyıldı. Bul mámlekette:

1. Málimleme-kitapxana iskerliginiń normatıv-huquqıy bazasın jetilistiriw.
2. Málimleme-kitapxana processin kompyuterlestiriw hám avtomatlastırıw.
3. Integraciyalasqan málimleme-kitapxana tarmaqları ushın kadrlar tayarlaw.
4. Jetekshi shet el kitapxanaları menen birge kásiplik baylanıslardı aktivlestiriw hám jáhan málimleme maydanına kiriw arqalı ámelge asatuğın úlken máqset ekenligin esapqa alğan jağdayda háreket qılıwdı talap etedi.

Házirgi waqıtta bul rejeni orınlaw isine kirisildi.

Rawajlanıp baratırğan málimleme-kitapxana sistemasın engiziwde hár bir kitapxanashı óziniń tarawına hám bárkámal awlad tálim-tárbiyasına tiyisli málimlemelerdi úzliksiz úyrenip barıw, olardı óz miynet iskerliginde izbe-iz qollay biliw kónlikpesin iyelewi búgingi kúnniń zárúrli talabı bolıp tabıladı. Málimleme–kitapxana tarawlarında zamanagóy ilim-pán texnologiyaları jetiskenliklerinen paydalanıw dúnya mámleketleri sheńberinde málimleme

almasıw hám texnika qurallarıń islep shıǵarıwdı keń engiziwde sol taraw qánigeleriniń jumıs processinde texnika qurallarınan paydalanıp biliwiniń áhmiyeti úlken.

Zamanagóy kitapxanashı búgingi kúnde zárúrli bilimlerden tısqarı pedogogikalıq-psixologiyalıq, elektron texnologiyalar, xalıqtıń barlıq siyasıy gruppaların oqıwǵa tartıw metodların da joqarı dárejede ózlestirgen bolıwı kerek. Bunnan tısqarı, kitapxanashı arnawlı bir aymaqta jasawshı xalıqtıń, ásirese, múmkinshiligi sheklengen adamlardıń (imkániyatı sheklengenler, jumıssızlar, kózi azziler hám t.b) qullası, hár bir paydalanıwshınıń qızıǵıwshılıǵın hám zárúriyatın jaqsı biliwi zárúr.

## References:

1. ”Ахборот-кутубхона фаолияти тўғрисида” Ўзбекистон Республикаси Қонуни. 2011 йил 13-апрель.
2. Ўзбекистон Республикаси Президентининг 2011 йил, 23февральдаги “Ахборот коммуникация базасида Ахборот- кутубхона ва ахборот- ресурс хизматлари сифатини янада ривожлантириш чора тадбирлари тўғрисида”ги Қарори // Халқ сўзи, 23 февраль, 2011- йил.
3. Ózbekiston Respublikasi Prezidentining 2017-yil 12- yanvar F-4789-sonli “Kitob mahsulotlarini chopetish va tarqatish tizimini rivojlantirish, kitob mutolasi va kitobxonlik madaniyatini oshirish hamda targ’ibot qilish bóyicha komissiya tuzish tóǵrisida”gi Farmoyishi.// Xalq so’zi gazetasi. 2017- yil, 13- yanvar.
4. Mirziyoev Sh.M. Buyuk kelajagimizni mard va olijanob xalqimiz bilan quramiz.- Toshkent: O’zbekiston, NMIU,2017.-488 b.
5. Karimov U. Elektron bibliografik resurslar yaratish texnologiyasi va manbalari.- Toshkent :Fan, 2006.
6. Sharipova, D. Kitapxana – málimleme xızmetin kórsetiwdiń ayırım tendenciyaları hám wazıypaları. *Евразийский журнал социальных наук, философии и культуры*, *3*(10), 83–87. извлечено от https://in-academy.uz/index.php/ejsspc/article/view/22334
7. Sharipova Dilbarxan. "Issues of Improving the Methodology of Teaching Library Studies." *Web of Semantic: Universal Journal on Innovative Education* 2.4 (2023): 260-265.
8. Aytimova, A. D. (2023). Effective Use of Pedagogical Technologies in Teaching Library Studies. *Web of Semantic: Universal Journal on Innovative Education*, *2*(5), 40–43. Retrieved from https://univerpubl.com/index.php/semantic/article/view/1422
9. Aytimova, D. (2023). The significance of an innovativelesson in teaching bibliography. Eurasian Journal of Academic Research. https://doi.org/https://doi.org/10.5281/zenodo.10020566